

# Vòl Salè

## Kisa vòl salè ye?

Vòl salè se yon vyolasyon lwa federal, eta ak Philadelphia. Se pratik ilegal kote yo pa peye travayè yo pou tout travay yo. Sa gen ladan vyolasyon lwa salè minimòm, pa peye pou tan siplemantè, fòse travayè yo travay lè yo pa anrejistre pou travay, pran nenpòt pati nan poubwa travayè yo, ak plis toujou. Kèlkeswa sitwayèn ou oswa sitiyasyon ou ak imigrasyon, lalwa entèdi vòl salè.

## Konbyen salè minimòm nan ye nan Philadelphia?

Salè minimòm Philadelphia a se \$7.25, ki se salè minimòm federal la.

## Kisa tan siplemantè ye?

Si ou travay plis pase 40 èdtan pa semèn, patwon ou te peye omwen 1.5 fwa sa ou touche pa èdtan pou èdtan ki depase 40 èdtan yo.

## Kisa pou mwen fè si mwen se yon viktim vòl salè?

Ou menm, yon ajans otorize, oswa sendika travay ou a ka depoze yon plent pou ou. Pou depoze plent ou a, ou ka voye yon imèl bay Kontakte Biwo Pwoteksyon Travayè a nan wagetheft@phila.gov. Apresa ou dwe voye li pa kourye lapòs oswa imèl. Tanpri mande manm pèsonèl la kijan ou ka jwenn sèvis lang Minisipalite Vil Philadelphia ofri gratis oswa rele Biwo Konfòmite Avèk Lwa Avantaj ak Salè nan 215-686-0802.

## Kijan m ap fè konnen si mwen kalifye pou depoze yon plent nan Philadelphia?

1. Konpayi w ap travay pou li a nan Vil Philadelphia.
2. Ou kwè yo te vole salè ou nan 3 zan ki sot pase yo.
3. Kantite lajan yo vòlè a depase \$100.

## Kisa k ap pase apre mwen depoze yon plent?

Gen yon ankèt pou chak plent yon moun depoze. Yon moun k ap travay nan Biwo Konfòmite a pral kontakte ou nan yon delè 15 jou travay pou gide ou ak demach yo epi mande ou plis enfòmasyon ki ka ede ak plent ou a. Biwo Konfòmite a pral regle tout kontak ak patwon ou. Yo ka mande pou w bay kopi orè, nòt ki ekri alamen, souch chèk, ak nenpòt enfòmasyon ki kore plent ou a. Tanpri prepare fòm sa yo epi voye yo ansanm ak fòm plent ou a. Si ou pa gen fòm sa yo oswa ou pa sèten, soumèt plent ou a epi Biwo Konfòmite a pral fè suivi.

## Èske yo ka revoke mwen?

Lalwa entèdi tout kalite vanjans kont yon anplwaye ki akize pou vòl idantite an bòn fwa. Si ou kwè yo te fè vanjans kont ou, ou dwe kontakte biwo nou.

Kontakte Biwo Pwoteksyon Travayè a:

→ How do I file  
a complaint?

- 📞 (215) 686-0802
- ✉️ wagetheft@phila.gov
- 🌐 phila.gov/labor
- 📍 100 S Broad St - 4th Floor, Philadelphia PA 19102